

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Medar citra jeung stéréotip wanoja dina masarakat Sunda, tangtu bakal disanghareupkeun kana pasualan nu bangga, salian ti langkana literasi tur panalungtikan ngeunaan citra jeung steréotip wanoja Sunda, pasualan séjénna nyaéta lebah pagedrugna wacana budaya, utamana ngeunaan féminisme antara Barat jeung Timur. Salian ti éta, sakapeung mah pamahaman ngeunaan konsép féminisme Barat téh sok diteureuy sagemblengna, dilarapkeun, malah diturutan saceplesna, tanpa aya prosés akulturasi, anu satuluyna wanoja Timur téh hayang sarua jeung wanoja Barat.

Mémang éta pasualan téh teu bisa disingkahan, lantaran tepungna antara budaya téh terus gumulung salila manusa aya dikieuna. Tapi anu jadi pertanyaan téh saperti kumaha citra jeung steréotip wanoja dina kahirupan masarakat Sunda? Tapi, ieu panalungtikan téh moal lega teuing medar citra jeung steréotip wanoja dina kahirupan masarakat Sunda, ukur nilik tina conto pangleutikna, nyaéta karya sastra.

Ari karya sastra anu dijadikeun sumber dina ieu panalungtikan téh nyaéta novel. Salian ti wangunna panjang, novel téh bisa dijadikeun média pangarang dina nembrakkeun jeung nepikeun gagasanana anu leuwih jembar jeung jero. Ari gagasan anu ditepikeun dina novel téh réa wangunna, diantarana baé ngeunaan citra jeung steréotip wanoja.

Novel anu dijadikeun sumber tina ieu panalungtikan téh nyaéta novel beunang S. Djojopuspito nu judulna *Marjanah*¹. Dipilihna ieu novel téh dumasar kana sawatara hal diantarana nyaéta kapentingan ulikanana nyaéta feminisme jeung eusi karya novelna. Ulikan feminisme anu dipedar dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngeunaan pasualan ideologina, pangpangna mah pasualan citra jeung steréotip wanoja.

¹ Judul novel téh dibaca *Maryanah*, tapi dina ieu panalungtikan ditulis maké éjahan lawas, *Marjanah*. Luyu jeung judul buku anu dijadikeun sumber data panalungtikanana. Kitu deui pikeun nuliskeun tokoh Maryanah maké éjahan lawas, nyaéta Marjanah.

Tsany Nurfajriani, 2018

CITRA JEUNG STÉRÉOTIP WANOJA SUNDA DINA NOVEL MARJANAH KARANGAN S. DJOJOPUSPITO: Ulikan Struktural jeung Féminisme

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ari novel *Marjanah*, salian ti mémang ditulis ku wanoja (minangka sarat tina kritik idiologi), eusina ogé medar ngeunaan kahirupan tokoh wanoja, nyaéta Marjanah ti mimiti leutik nepi ka sawawa. Dina gumulungna hirup Marjanah téh éstu kagambar kumaha citra jeung steréotip wanoja alam harita. Ari anu matak ngirut tina ieu novel téh nyaéta pasualan citra jeung streréotipe wanoja nu digambarkeunana anu geus kapangaruhan alam pikiran anu modern. Padahal alam harita (nilik kana taun nulisna, ieu novel ditulis taun 1937), anu sangkaan mah alam pikiran wanoja Sunda téh masih kénéh dikukuntit ku urusan adat jeung tradisi.

Pikeun medar pasualan citra jeung stéréotip wanoja dina karya sastra, tangtu dibutuhkeun pamarekan, dina ieu hal tiori. Ari tiori anu raket patalina jeung pasualan wanoja téh nyaéta tiori féminis. Sacara étimologi féminisme téh asal kecap tina *femme* (*woman*), anu hartina téh awéwé nu bajoang marebutkeun hak kaum wanoja minangka kelas sosial (Ratna, 2012, hal. 184). Ari nurutkeun Humm (Isnéndés, 2004 kc. 5) sacara umum féminis téh minangka idiologi *pembebasan perempuan*. Éta hal téh, miang tina kayakinan yén dina kabéh pamarekan wanoja téh remen ngalaman kateuadilan lantaran wanda bagana.

Ambahan tiori féminisme téh kaitung lega, nurutkeun Ratna (2012, hal. 184), dina wengkuan nu lega, féminisme téh miboga harti gerakan wanoja pikeun nolak sakabéh hal nu patalina jeung ngaapilainkeun dirina (wanoja) atawa nidresa wanoja boh dina widang politik jeung ékonomi, boh dina widang kahirupan sosial masarakat. Dina sawangan nu heureut, nyaéta dina sastra ulikan nu medar jeung maluruh karya sastra, boh nu patalina jeung prosés produksi (nyipta karya sastra dumasar kana *jenis kelamin*), boh patalina jeung résépsi. Dina paélmuan sosial kontémporér féminisme téh leuwih dipikawanoh minangka gerakan *kesetaraan gender*.

Minangka hiji pamarekan sastra, kritik sastra féminisme gé miboga rupa-rupa kritik di antarana nurutkeun Hall (Jupriono jeung Supsiadji, 2011, kc. 42) anu ngabagi kana lima rupa kritik nyaéta: (1) Kritik ideologis, anu nalungtik citra jeung stéréotip wanoja tur naon sababna wanoja diapilainkeun dina sastra; (2) Ulikan ngeunaan pangarang wanoja, nu ngawengku sajarah karya, gaya

kapangarangan, téma, jeung génre; (3) Kritik sastra feminis sosialis, anu ngulik tokoh wanoja dina sastra dumasar kana perspéktif kelas di masarakat anu merenahkeun kaum wanoja dina kelas katideresa; (4) Kritik sastra feminis psikoanalitis, anu mosisikeun manéh minangka tokoh wanoja anu dibacana; jeung (5) Kritik feminis lesbian, anu ukur ngulik pangarang jeung tokoh wanoja, tur maluruh ngeunaan konsep dasar lesbianisme.

Nilik kana rupa-rupa pamarekan kritik feminisme, bari dipatalikeun jeung udagan dina ieu panalungtikan, kritik feminisme nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta kritik feminis ideologis anu museur kana citra jeung stéréotip wanoja, anu dipokuskeun kana pasualan kalungguhan, tujuan hirup, paripolah, karakter, jeung pamadegan tokoh wanoja. Copélna mah ieu panalungtikan téh museur kana tokoh-tokoh wanoja nu aya dina karya sastra.

Salian ti éta, anu dipedar dina ieu panalungtikan téh teu ukur pasualan citra jeung stéréotip wanoja, tapi ogé pasualan struktur anu nyangkaruk dina éta karya, kayaning téma, fakta carita, jeung sarana carita. Ari anu jadi sabab, lantaran unggal karya sastra téh teu bisa dilésotkeun tina struktur pangwangun carita. Ayana pedaran struktur ogé, pikeun ngababarikeun medar pasualan citra jeung stéréotip wanoja nu nyampak dina éta karya.

Pasualan-pasualan anu diébréhkeun téh satuluyna ngahudang kapanasaran panalungtik pikeun ngulik jeung medar kumaha citra jeung stréréotip wanoja dina kahirupan masarakat Sunda. Tapi, ieu panalungtikan téh teu boga maksud pikeun nyieun wates antara wanoja jeung lalaki dina kahirupan masarakat. Ieu panalungtikan mah éstu pikeun ngahudangkeun, numuwuhkeun, jeung nyebarkeun kasadaran ngeunaan citra katut stéréotip wanoja Sunda anu kagambar dina karya sastra.

Pangna karya sastra anu dijadikeun panalungtikan téh, lantaran karya sastra minangka eunteung kahirupan masarakat anu diréfléksikeun ku pangarang dina wangun karangan nu sipatna imajinatif. Sanajan sipatna imajinatif, dina nyieun karyana, pangarang tangtu moal ngalésotkeun manéh tina téma, talatah, gagasan anu rék ditepikeun ka nu maca. Ari gagasanna sorangan, sakapeung mah teu ditepikeun langsung ku pangarangna, malah disumputkeun dina tokoh atawa

subjék nu dijieun ku pangarangna. Ku lantaran kitu, pikeun maluruh gagasan pangarang nu nyangkaruk dina karya sastra, bisa dipaluruh ku jalan nalaah tokoh-tokohna katut aspék kahirupanana anu silih pangaruhan.

Nilik kana pasualan di luhur, tangtu perlu ayana panalungtikan satuluyna boh ngeunaan wanoja, boh ngeunaan karya sastra wangun novel, anu leuwih nyosok jero kana citra jeung steréotip wanoja. Kaitung saeutik panalungtikan-panalungtikan sastra nu museur kana pasualan wanoja, di antarana hasil panalungtikan: Firmansyah, Deri Eka. 2015. *Réprésentasi Idéologi Génder dina Kumpulan Carpon Nu Harayang Dihargaan Karya Darpan*. Bandung: Skripsi; Asihna, Damalia Suci. 2013. *Kalungguhan Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon Haté Awéwé Karangan Risnawati: Tilikan Féminisme*. Bandung: Skripsi; Rahma, Anisa. 2013. *Citra Wanoja Sunda dina Nu Kaul Lagu Kaléon jeung 40 Dongéng Énténg ti Pasantrén Karya R.A.F: Kajian Struktural jeung Kritik Satra Féminisme Idéologis*. Bandung: Skripsi; Nastiti, Dewinda Asih. 2017. *Citra Wanoja dina Lima Carpon Karya Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA Kelas X: Ulikan Strukturalisme jeung Féminisme*. Bandung: Skripsi; jeung Isnendes, Retty. 2004. *Suara Perempuan dalam Novel Sunda Puputon "Buah Hati" Karya Aam Amalia: Kajian Feminis*. Yogyakarta: Tésis.

Nilik kana panaluntikan-panalungtikan saméméhna, tétéla tacan aya nu ngulik féminisme dina karya S. Djojopuspito. Tapi ari dina wangun éséy mah aya, nyaéta beunang Atep Kurnia nu judulna "Cicuh Urang Cibatok," jeung beunang Lugiéna Dé nu judulna "Maryanah nu Kacandet," duanana dimuat dina koran Pikiran Rakyat, édisi Senén, 2 Januari 2017. Mung, tulisan duanana teu nyabit-nyabit soal feminisna.

Dumasar kana éta hal, perlu aya panalungtikan husus kana karya S. Djojopuspito, utamana dina novel Marjanah. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan téh dijudulan "Citra jeung Stéréotip Wanoja Sunda dina Novel *Marjanah* karangan S. Djojopuspito (Ulikan Struktural jeung Feminisme)".

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah anu diidentifikasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngeunaan struktur carita, citra, jeung steréotip wanoja Sunda nu nyampak dina novel *Marjanah* karangan S. Djojopuspito. Ari nu jadi bahan tinimbangan dipilihna ieu novel téh, lantaran kapentingan ulikan jeung eusi caritana ngeunaan citra jeung steréotip wanoja.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap;

- 1) Kumaha struktur carita nu nyangkaruk dina novel *Marjanah*?
- 2) Kumaha citra jeung stéréotip wanoja Sunda dina novel *Marjanah*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh jeung ngaguar aspék citra jeung steréotip wanoja Sunda anu nyampak dina novel *Marjanah*.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun;

- 1) ngadéskripsikeun struktur carita nu nyangkaruk dina novel *Marjanah*; jeung
- 2) ngadéskripsikeun citra jeung stéréotip wanoja Sunda dina novel *Marjanah*;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun dunya atikan. Ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh utamana ngeunaan citra jeung steréotip wanoja Sunda dina novel *Marjanah*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Lian ti mangpaat tioritis, mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta;

- 1) hasil ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun panalungtikan nu séjénna;
- 2) hasil ieu panalungtikan bisa ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan sastra heubeul; jeung
- 3) ieu panalungtikan bisa ngalatih prosés mikir ilmiah.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun ieu skripsi téh ngawengku lima bab, nyaéta: Bab I bubuka; medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nyusun skripsi. Bab II ngeunaan ulikan pustaka anu ngawengku; strukturalisme, feminisme, kritik feminis idiologis jeung novel Sunda. Salian ti éta, dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan panalungtikan-panalungtikan saméméhna boh ngeunaan feminisme, boh ngeunaan karya-karya S. Djojopuspito, jeung saperti kumaha kalungguhan tiori dina ieu panalungtikan. Bab III ngeunaan métode panalungtikan anu eusina; desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, data jeung sumber data, jeung analisis data. Bab IV ngadéskripsikeun hasil jeung pedaran panalungtikan nyaéta; ngeunaan kritik feminis idiologis utamana citra jeung stéréotip wanoja dina novel *Marjanah* karya S. Djojopuspito. Bab V ngeunaan kacindekan jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan katut saran ti panalungtik ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan kahareupna.